

Pitit ou Gen Laj 3 Zan



Fason pitit ou jwe, aprann, pale ak aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan devlopman an se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 3yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan imite adilt ak zanmi
- Li montre afeksyon pou zanmi san yo pa bezwen mande li
- Li patisipe nan jwèt yo
- Li montre enkyetid pou yon zanmi k ap kriye
- Li konprann lide “pou mwèn” ak “pou li”
- Li montre anpil kalite emosyon
- Li separe fasil avèk manman ak papa li
- Li ka fache avèk gwo chanjman ki fèt souvan
- Li abiye ak dezabiye poukont li

Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan swiv enstriksyon ki gen 2 oswa 3 etap
- Li kapab lonmen bagay li pi abitye avèk yo
- Li konprann mo tankou “nan,” “sou,” ak “anba”
- Li di prenon, laj, ak sèks
- Li site non yon zanmi
- Li di mo tankou “mwèn”, “mwèn”, “nou”, ak “ou” ak mo pliryèl (vwati yo, chen yo, chat yo)
- Li pale byen ase pou etranje konprann li pi souvan
- Li fè konvèsasyon avèk 2 oswa 3 fraz

Koyitif(aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Timoun nan kapab jwe jwèt ki gen bouton, levye, ak pati mobil
- Li jwe jwèt fè-kwè avèk poupe, bèt, ak moun
- Li jwe kastèt ki gen 3 oswa 4 pyès
- Li konprann sa “de” vle di
- Li kopye yon sèk avèk yon kreyon oswa kreyon koulè
- Li vire paj liv youn apre lòt
- Li bati bilding ki gen plis pase 6 blòk
- Li vise ak devise bouchon bokal oswa li vire manch pòt

Mouvman/Devlopman Fizik

- Li eskalade byen
- Li kouri fasil
- Li te pedale yon trisiklèt (yon bisiklèt 3 wou)
- Li monte ak desann eskalye, yon pye sou chak mach

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Tonbe anpil epi li pwoblèm pou monte ak desann eskalye
- L ap bave oswa li di pawòl ki pa klè ditou
- Pa kapab jwe jwèt senp (tankou pano ki gen twou, kastèt senp, manivèl)
- Pa pale avèk fraz
- Pa konprann enstriksyon senp yo
- Pa jwe fè-tankou oswa fè-kwè
- Pa vle jwe avèk lòt timoun oswa avèk jwèt
- Pa fè kontak nan zye
- Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy posib reta devlopmanal sa yo, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi pale avèk yon moun nan lekòl leta lokal ou ki abitye avèk sèvis pou jèn timoun yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “Child Development.”

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.